Араущ, цIыхубзу цIыхухъым зыхуэзыгъадэкIэ, цIыхухъуу цIыхубзым зыхуэзыгъадэхэри жыхьэнмэ Iыхьлы зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Я зыхуэпэкIэкIи, я псэлъэкIэкIи, я зекIуэкIэкIи бзылъхугъэр бзылъхугъэуу, цIыхухъур цIыхухъуу щытым хуейщ. ЛIым жэуап ехь фызым и щытыкIэмкIэ. Абы и къалэнщ и щхьэгъусэм хэлъ хьэл мыхъумыщIэхэр зыхригъэныну. КъурIэн лъапIэм къыщцыкIуащ: «Уа, Iиман къэзыхьах! Фи щхьэри фи унагъуэри щыфхьумэ жыхьэнмэ мафIэм!»

«Абу Хьурейрэ» псалъэхэм я мыхьэнэр «Джэдухэм я адэ» жиIэу араущ.

Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм и асхьабхэм ящыщу «Джэдухэм я адэ» зыфIищар хэт?

Хьэзрэт Iэнэс ибн Малик и анэ Iум Сулейм АлыхьымкIэIиман щыпкъэ зиIэ бзылъхугъэт. Ар жэнэт Iыхьлы зэрыхъунумкIэ хьыбар гуфIэгъуэр Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм жриIат. Ухьуд зауэшхуэр щаублам, Iум Сулейм псыкIэ хуабжьу яхуэсакъыу щытащ зауэлIхэм, къищынэмыщIауэ, уIэгъэ хъуахэми я щIэгъэкъуэнт ар. Бзылъхугъэм бгъэдалъа Iиман щыпкъэм теухуауэ мыпхуэдэ хьыбар къыщцыкIуащ дин щIэныгъэлIхэм я тхыльым:

Iум Сулейм и щхьэгъусэ Абу ТIэлхьэ щIыпIэ жьыжь щыIэу, псэм пащI я сабий сымаджэ щыкIур дунейм ехьижат. ЛIыр унэм къыщыкIуэжам, Iум Сулейм абы гуапэу IущIащ, къэхъуа гуаэр ибзыщIащ. «Сабийр дауэ щыт?» - жиIэу адэр щыщIэупщIэм, «Мэжей, къуымыгъэуш», - жиIа мыхъумэ, нэгъуэщIкIэ зыкъригъэщIакъым. Нэху ща нэужь, фызым и щхьэгъусэм жриIащ: «Уа, Абу ТIэлхьэ, «ПIалъэкIэ схуэфыгъ», - жаIэрэ зыгуэр къыдатрэ, и чэзыр къэса нэужь, «Схуэфхъумар къызэфтыж иджы» къыджаIэмэ, епТыжьын хуейкъэ, ар уи жагъуэ пщIы хъуну?» «Анэмэтыр анэмэтщ. Ар пIалъэкIэ къозытам етыжьыпхъэщ. Абы зыгъэгуси къыхэкIын хуейкъым», - жуап къитащ щхьэгъусэм. «АтIэ, Абу ТIэлхьэ, ди сабийр пIалъэкIэ къыдэзытА Алыхьым тIихьжащи, арэзы хуэхъу ди Тхьэ лъапIэм», - жиIащ Iиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм.

А хъыбарыр ЛIыкIуэ лъапIэм щыжраIэжьым, Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуар Алыхьым елъэIуащ зэщхьэгъусэхэм шыIэныгъэ къабгъэдилъхьэну, къахуэупсэну. Зэман дэкIри, Iум Сулейм Тхьэр къыхуэупсащ щIалэ цIыкIукIэ, абы Абдулэхь фIащащ. Ар дуней псом щыцIэрыIуэу дин щIэныгъэлI хъуащ. Абы бынипщI къыщIэуващ, псори дин щIэныгъэлI цIэрыIуэ хуэхэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Алыхьыр арэзы зыхуэхьун Абу Хьурейрэ.

ЛIыкIуэ лъапIэм «Абу Хьурейрэ» щIыфIищар

Абу Хьурейрэ и цIэ щыпкъэр Абдурэхьман ибн Сэхьр ад-Дэфси аль-Яманиц. ЛIыкIуэ лъапIэм къыдэгъуэгурыкIуахэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэр Абу Хьурейрэщ. Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа Мухьэмэд бегъымбарым и хьэдисхэм я нэхъыбэр къэзыIуэтэжар араущ.

Ар щысабийм щыгъуэ куэду ифIэфIу щытащ джэдухэм ядэджэгун. Зэгуэрым, ар иджыри ныбжьыщIэу, и плIэм джду цIыкIу тесу уэрамым здрикIуэм, ЛIыкIуэ лъапIэм ЮщIащ. «Мыр сыт зищIысыр?» - къыпыгуфIыкIыу ЛIыкIуэ лъапIэр сабийм щеупщIым, а цIыкIуми гуфIэжу жэуап къритащ. ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуам) абы къыфIищащ «Абу Хьурейрэ» («Джэдухэм я адэ») гущIэфIэныщIэр. Псори а цIэмкIэ еджэ хъуащ щIалэ цIыкIум. Сабийми апхуэдизкIэ а цIэр и гум дихьати, «Хэт уи цIэр?» - жаIэу къеупщIмэ, мыгупсысэу «Абу Хьурейрэ» яжриIэрт.

Ислъам диныр къищта нэужь, Абу Хьурейрэ Мединэм Iэпхъащ, илъэсиплIкIэ ар щыпсэуащ Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм и мэжджытым. Абы зэи блигъэкIакъым ЛIыкIуэм и уазэкэр. ЛIыкIуэ лъапIэм и деж абы щызригъэгъуэтащ дин щIэныгъэ куу.

«Джэдухэм я адэ»

Хьэдисхэр

* * *

Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Гурэ псэкIэ тобэ къэзыхьыжа цIыхур хуэдэщ зэи гуэныхь зымылэжьам».

* * *

«Iэдэм и быным яхэтхъым щымыуэ. Ауэ абыхэм я нэхъыфIыр щIегъуэжу, тобэ къэзыхьыжхэращ».

* * *

«Алыхьым фельэIу, лъэIур къабыл зэрыхъунумкIэ зы шэчи къытебмыхьэу».

«Зи жьэм псалъэ фIей къыжьэдэкIхэр шейтIаным хуэдэщ. Шэч хэмылъу, Алыхьым илъагъу хъуркъым зи жьэ псалъэ фIей къызыжьэдэкIхэр».

* * *

«Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм еупщIащ: «Уа, ЛIыкIуэ лъапIэ! Алыхьымрэ бегъымбарымкIэ диIэ фIэщхъуныгъэ щыпкъэм иужькIэ сыт хуэдэ Iэхъгъуэра Алыхьым нэхъ фIэфI дыдэр? «И чэзум нэмэз щIыныр», - жуаIэ къитащ ЛIыкIуэ лъапIэм».

Алыхьым цIыхур къыщигъэщIынум щIым зыхуигъаззри, жриIащ: «Уа, щIы! Уэ цIыхубз къыпхэсщIыкIынущ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Сэ Си жыIэм щIэтхэр жэнэт Iыхьлы хъунухэщ. ЩхьэрыуэхэрэкIэ зыжьэнмэ мафIэм исынухэщ».

Иужькъэ Абыхьым Джэбрэилрэ мелыIыч лъапIэм унафэ хуищIащ щIым щыщ Алыхьым хуихьыну. ЩIыр мелыIычым къеIуащ: «ДыкъэзыгъэщIа Алыхьым и цIэ лъапIэхэмкIэ сынолъэIу, сэ сощыщу зы Iыхьэ цIыкIуи къыумыщтэ, Къемэт махуэм жыхьэнмэ мафIэм симысын папщIэ». Джэбрэилрэ гумащIэр Алыхьым и пащхьэ иувэри, укIытапэу жиIаш: «Уа, си Алыхь закъуэ! Уэ Уи цIэ лъапIэхэмкIэ щIыр къыщцыхэлъэIуэ, къыскухэщтакъым зы Iыхьэ цIыкIуи».

ЕтIуанэу МэчрэIил мелыIычыр къригъэхащ. Абыи апхуэдабзэу Алыхьым и цIэкIэ щIыр кыщIелъэIум, абыи къищтэфакъым щIым щыщ Iыхьэ. ЕщанэУ ЬхэзрэIил мелыIычыр къригъэхащ. Абыи щIыр къелъэIуат апхуэдабзэу. АрщхьэкIэ, ЬхэзрэIил мелыIычым жиIэ: «Сэри Алыхьым и цIэкIэ сынолъэIу, Тхьэм и жыIэр тIу сумыгъэщIну».

ЩIым щыщ Iыхьэ иIыгъуу Хьэзрэил Алыхьым и пащхьэ иуваш. Абы зэхуихьэсат щIы быди, щаби, фIыцIи, плъыжьи. Ахэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщицтат. ИужькIэ, Алыхь Iэмыркlэ, ятIэр абы зэхищIэн щIи-къым». «Сэ ахъшэ сиIэкъым, си щIалэ цIыкIу. Ауэ си мыIэрысэхэр къыпыч, щэи, абы къыщIэпх ахъшэмкIэ къэщэху узэхъуапсэ джэгуалъэхэр», - жэуап итащ жыгым. ЩIалэ цIыкIур гуфIэри, апхуэдэу ищIащ. Арати, аргуэру щIалэ цIыкIур зыкъомрэ къыкъуэкIакъым. Жыгми и гур къиузыкIырт. Зэман дэкIыу, унагъуэ ззэыгъэпэща щIалэр жыгым и деж къыщыкIуэм, жыгыр гуфIащэри, гъащ. «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа, си щIалэ. КъакIуэ, тIэкIу къыздэджэгу, япхэм хуэдэу», - жиIащ жыгым. «Дауэ сыджэгун щIалэшхуэр? Сэ бынунагъэ сыхъуащ. Сыщыпсэун унэ сухуэн хуейщ, укъыздэIэпыкъуфыну? - щIэупщIащ щIалэр. «Сэ мыльку сиIэкъым, си щIалэ. Ауэ си къудамэхэр пыупщIи, абы къыпхуэхькIынщ унэ», - жиIащ жыгым. ЩIалэм жыгым и къудамэхэр псори пиупщIри, унэ иухуащ. Жыгым и лыр узами, и гур кьигуфIыкIырт щIалэм и хъуэпсапIэр къыздэрехьулIам папщIэ.

Илъэс зыбжанэкIэ щIалэр жыгым къыпыгъуэзакъым. Жыгми и гупсысэ псори зыхуэгъэзэр щIалэрат. ГъащIэр кIуатэрт... Мыпэрыси къудами зыпымытыж жыгым жащ-махуэ имыIэу и гур къутэрт щIалэр зэримылъагъум къыхэкIыу.

Илъэс зыбжанэ дэкIри, лIым мурад ищIащ жыгым деж кIуэну. Жыгым къигуфIам и кудэгъэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа! КъакIуэ, си Iэпплэм къитIысхьэ тIэкIу», - щыжиIэм, лIым жэуапу итащ: «Сэ уи Iэпплэм сисину а ныбжьым ситыжкъым, сылIыбалигъщ. Хуабжьу сешащ, кхъухь силамэ, хамэ къэрал сыкIуэнурэ зыщцызгъэпсэхунут». «Сэ мылъку зэрызимыIэр бощIэ, уеблэмэ, мыIэрыси, къудами сиIэжькъым, ауэ си лъэдий къэнар пыупщIи, кхьихэщIыкI кхъухь». ЛIыр гуфIэри, апхуэдэу ищIащ. Хамэ къэрал кIуэри, и нэгу зригъэужьащ. ЛIым и ныбжьыр хэкIуэтауэ, жыг лъэдакъэ къэнам и деж къыщигъэзэжым, жыг лъэдакъэр къэпсалъэри, жиIащ: «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа, си щIалэ, сыту Iейуи сыбгъэгуфIа. Ауэ си гум къоуэ жыг лъэдакъэжь закъуэм фIэкIа нэгъуэщI сызэрыпхуэупсэн зэрызимыIэкыр», - жиIэу жыг лъэдакъэм щыжиIэм, лIыр къэпсалъэри, жиIащ: «Мы дунейм теткъым сэ сызыхуей, си щхьэр уи жыг лъэдакъэм теслъхьэу зыщцыгъэпсэхуну фIэкIа. Мы гъащIэм зэ закъуэ къытригъэзэжатэмэ, уи джабэм щыгъэкIуэнт Тхьэм къыскъуиуха гъащIэр. Ауэ... уи жагъуэ зэрыхъунщи, блэкIам къытебгъэзэжыну Iэмал иIэкъым», - жиIащ лIым и нэпсхэр къещэщэхыурэ.

Мис апхуэдэщ адэ-анэм быным хуиIэ щытыкIэр...

ГъащIэм зэ закъуэ нэхъ мыхъуми къытригъэзэжатэмэ...

● Ущие зыхэлъ хъыбар

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Зыгъэпэгэныр хьэрэм?

Зыгъэпэгэныр хьэрэм къудейкъым, ар хьэрэмышхуэ хэм ящыщщ. Абы теухуауэ КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ: «ФыщIэемыкIуэ щIым зывгъэпагэу. Дапхуэдэу фыщIымытами, щIыр фхуэзгъэдзэкIынукъым, бгым хуэдэуи лъагэ фыхъунукъым».

Хьэдисым къыщыкIуащ: «Зы сабэ щIыкIу хуэдизи нэхъ мыхъуми, зи гум пагагъ илъым жэнэтыр ильагъунукъым».

НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ: «Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: «Алыхьыр арэзы зыхуэхъуа Мусэ бегъымбарым зэгуэрым Iиблисыр къыбгъэдыхьащ кIагъэ (плащ) зэмыфэгъу дахэ дыдэ щыгъуэ. «Ухэт уэ?» - щIэупщIащ Мусэ. «Сэ сыиблисщ», - жуаIэ къитащ адрейм. «Сыиблисщ жыпIа?! Алыхьым спэлэщIэ уищI! - жиIащ Мусэ бегъымбарым. «НтIэ, сыиблисщ. Алыхьым къыпхуигъэфэща лъапIэныгъэм папщIэ сыкъэкIуащ сэлам уэсхыну», - жиIащ Iиблис. «Сыт мы пщыгъыр?» - щIэупщIащ лIыкIуэр. «Мы щыгъын дахэм и сэбэпкIэ цIыхум и псэри игури къыдызохьэхыф», - жуаIэ къитащ Iиблис. «ЩыгъуазэсыщIыт сыт хуэдэ цIыхухэра гъунэгъу узыхуэхъуфхэр?» - щIэупщIащ лIыкIуэр. Iиблис и жуаIэу абы зэхихащ: «Езым хуэдэ щымыIэу зыкъызыщцыхъужхэр, псапэ куэд зылэжьу зи гугъэхэр, гуэныхь ямыIэу къэзылъытэхэр». ИтIанэ лIыкIуэм жиIащ: «Алыхьым Дауд ЛIыкIуэ лъапIэм къыжриIауэ щытащ: «Уа, Дауд! Гуэныхь зылэжьахэр гъэгуфIэ хьыбарыфIкIэ. Си арэзыщIынигъэм телажьхэр ущий». «Уа, си Тхьэ! СыткIэ згъэгуфIэну гуэныхь зиIэхэр, Уи арэзыщIынигъэм телажьхэрэ сытым хуэзущиину». «Гуэныхь зиIэхэм яжеIэ, гурэ псэкIэ тобэ къахьыжмэ, зэрахуэзгъэгъунур. Си арэзыщIынигъэм телажьхэм яжеIэ, я лэжьыгъэм папщIэ замыгъэпэгэну».

Алыхьым цIэуэ дапщэ иIэр?

Алыхьым цIэуэ 99-рэ иIэщ. А цIэ лъапIэхэр зэзыгъащIэм и псапэр гъунапкъэншэщ. Хьэдисым къыщыкIуащ: «Тхьэм и нэфIыр зыщцыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: «Алыхьым цIэуэ 99-рэ иIэщ. А цIэ лъапIэхэр зэзыгъащIэр жэнэт Iыхьлы хъунущ».

ГъащIэм зэрихабзэщи, блэкIам укIолъыIэбжькIи, укIолъыщIэпхъуэкIи улъэIэсыжьнукъым. Ди гъащIэм хэщI мыхъумэ, хэхъуэркъым. Насып диэмэ, дызыхущIегъуэжьн блэдгъэкIынкъым.

Мы хъыбар щхьэпэ цIыкIури теухуащ адэ-анэр тхуэпсэуху, Алыхьым кьалэн зэрытщищIам дытету, гулъытэ хэха яхуэтщIын зэрыхуейм:

Зы мыIэрысэ жыгрэ зы щIалэ цIыкIуэ псэурт. Сабийм хуабжьу фIыуэ илъагъурт мыIэрысэ жыгыр, абы дэпщейрти, и мыIэрысэхэм щыщ ишхырт, щыджэгурт, еша нэужь, и къудамэхэм тегъуалъхьэрти, щыжейрт. Жыгми гурыфIыгъуэу иIэр а сабийрат. Апхуэдэурэ илъэс зыбжанэ дэкIащ, сабийри нэхъ тыкъыр цIыкIу къыщыхъуэм, ялэм хуэдэу махуэ къэс жыгым и деж мыкIуэж хууащ. Жыгми ар хуабжьу игу кьеуэрт. Зэман дэкIри, щIалэ цIыкIум тригъэзащ жыгым и деж. Жыгым къигуфIам щIэи гъуни иIэтэкъым. Абы жиIащ: «КъакIуэ, си щIалэ цIыкIу, къыздэпщей, си мыIэрысэхэм щыщи шхы, сэри къыздэдэжэгу». АрщхьэкIэ, щIалэ цIыкIум ар идакъым. Балигъ хъуауэ зибжьжри, жиIащ: «Сэ сысабий цIыкIужкъым, жыгхэм сыдэпщеин хуэдэу. Сэ иджы нэгъуэщI джэгуалъэхэм сыхуейщ, ауэ ахэр кхьэзэрысщэхун ахъшэ сиIэкъым». «Сэ ахъшэ сиIэкъым, си щIалэ цIыкIу. Ауэ си мыIэрысэхэр къыпыч, щэи, абы къыщIэпх ахъшэмкIэ къэщэху узэхъуапсэ джэгуалъэхэр», - жэуап итащ жыгым. ЩIалэ цIыкIур гуфIэри, апхуэдэу ищIащ. Арати, аргуэру щIалэ цIыкIур зыкъомрэ къыкъуэкIакъым. Жыгми и гур къиузыкIырт. Зэман дэкIыу, унагъуэ ззэыгъэпэща щIалэр жыгым и деж къыщыкIуэм, жыгыр гуфIащэри, гъащ. «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа, си щIалэ. КъакIуэ, тIэкIу къыздэджэгу, япхэм хуэдэу», - жиIащ жыгым. «Дауэ сыджэгун щIалэшхуэр? Сэ бынунагъэ сыхъуащ. Сыщыпсэун унэ сухуэн хуейщ, укъыздэIэпыкъуфыну? - щIэупщIащ щIалэр. «Сэ мыльку сиIэкъым, си щIалэ. Ауэ си къудамэхэр пыупщIи, абы къыпхуэхькIынщ унэ», - жиIащ жыгым. ЩIалэм жыгым и къудамэхэр псори пиупщIри, унэ иухуащ. Жыгым и лыр узами, и гур кьигуфIыкIырт щIалэм и хъуэпсапIэр къыздэрехьулIам папщIэ.

Илъэс зыбжанэкIэ щIалэр жыгым къыпыгъуэзакъым. Жыгми и гупсысэ псори зыхуэгъэзэр щIалэрат. ГъащIэр кIуатэрт... МыIэрыси къудами зыпымытыж жыгым жащ-махуэ имыIэу и гур къутэрт щIалэр зэримылъагъум къыхэкIыу.

Илъэс зыбжанэ дэкIри, лIым мурад ищIащ жыгым деж кIуэну. Жыгым къигуфIам и кудэгъэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизт. «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа! КъакIуэ, си Iэпплэм къитIысхьэ тIэкIу», - щыжиIэм, лIым жэуапу итащ: «Сэ уи Iэпплэм сисину а ныбжьым ситыжкъым, сылIыбалигъщ. Хуабжьу сешащ, кхъухь силамэ, хамэ къэрал сыкIуэнурэ зыщцызгъэпсэхунут». «Сэ мылъку зэрызимыIэр бощIэ, уеблэмэ, мыIэрыси, къудами сиIэжькъым, ауэ си лъэдий къэнар пыупщIи, кхьихэщIыкI кхъухь». ЛIыр гуфIэри, апхуэдэу ищIащ. Хамэ къэрал кIуэри, и нэгу зригъэужьащ. ЛIым и ныбжьыр хэкIуэтауэ, жыг лъэдакъэ къэнам и деж къыщигъэзэжым, жыг лъэдакъэр къэпсалъэри, жиIащ: «Сыту фIыщIэу укъыхсхуэкIуа, си щIалэ, сыту Iейуи сыбгъэгуфIа. Ауэ си гум къоуэ жыг лъэдакъэжь закъуэм фIэкIа нэгъуэщI сызэрыпхуэупсэн зэрызимыIэкыр», - жиIэу жыг лъэдакъэм щыжиIэм, лIыр къэпсалъэри, жиIащ: «Мы дунейм теткъым сэ сызыхуей, си щхьэр уи жыг лъэдакъэм теслъхьэу зыщцыгъэпсэхуну фIэкIа. Мы гъащIэм зэ закъуэ къытригъэзэжатэмэ, уи джабэм щыгъэкIуэнт Тхьэм къыскъуиуха гъащIэр. Ауэ... уи жагъуэ зэрыхъунщи, блэкIам къытебгъэзэжыну Iэмал иIэкъым», - жиIащ лIым и нэпсхэр къещэщэхыурэ.

Мис апхуэдэщ адэ-анэм быным хуиIэ щытыкIэр...

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Аль-Фатихь

Бахъурейн къэралыгъуэм и къалащхьэ Манамэ дэт Аль-Фатихь мэжджытышхуэр дуней псом щынэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Абы зэуэ цIыху 7000-м нэмэз щащIыф. Мэремымрэ хьидхэмрэ къищынэмыщIа, адрей махуэхэм туристхэм папщIэ мэжджытыбжэр зэIухащ. Мэджджытым и щхьэм тонн 60 и хьэлъагъщ. Тхьэм и унэм хэтщ лъэпкъ библиотекэшхуэ.

1987 гъэм мэжджытыр иригъэщIауэ щытащ шейхъ Хьисэ ибн Сэлман аль-Хъалифи. Бахъурейныр къэзыгъауэ щыта Ахьмэд аль-Фатихь и цIэр мэжджытым фIащыжащ.

Iэдэм ЛIыкIуэ лъапIэр къызэригъэщIар

Алыхьым цIыхур къыщигъэщIынум щIым зыхуигъаззри, жриIащ: «Уа, щIы! Уэ цIыхубз къыпхэсщIыкIынущ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Сэ Си жыIэм щIэтынущ, языныкъуэхэр щхьэрыуэнущ. Си жыIэм щIэтхэр жэнэт Iыхьлы хъунухэщ. ЩхьэрыуэхэрэкIэ зыжьэнмэ мафIэм исынухэщ».

Иужькъэ Абыхьым Джэбрэилрэ мелыIыч лъапIэм унафэ хуищIащ щIым щыщ Алыхьым хуихьыну. ЩIыр мелыIычым къеIуащ: «ДыкъэзыгъэщIа Алыхьым и цIэ лъапIэхэмкIэ сынолъэIу, сэ сощыщу зы Iыхьэ цIыкIуи къыумыщтэ, Къемэт махуэм жыхьэнмэ мафIэм симысын папщIэ». Джэбрэилрэ гумащIэр Алыхьым и пащхьэ иувэри, укIытапэу жиIащ: «Уа, си Алыхь закъуэ! Уэ Уи цIэ лъапIэхэмкIэ щIыр къыщцыхэлъэIуэ, къыскухэщтакъым зы Iыхьэ цIыкIуи».

ЕтIуанэу МэчрэIил мелыIычыр къригъэхащ. Абыи апхуэдабзэу Алыхьым и цIэкIэ щIыр кыщIелъэIум, абыи къищтэфакъым щIым щыщ Iыхьэ. ЕщанэУ ЬхэзрэIил мелыIычыр къригъэхащ. Абыи щIыр къелъэIуат апхуэдабзэу. АрщхьэкIэ, ЬхэзрэIил мелыIычым жиIэ: «Сэри Алыхьым и цIэкIэ сынолъэIу, Тхьэм и жыIэр тIу сумыгъэщIну».

ЩIым щыщ Iыхьэ иIыгъуу Хьэзрэил Алыхьым и пащхьэ иуваш. Абы зэхуихьэсат щIы быди, щаби, фIыцIи, плъыжьи. Ахэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщицтат. ИужькIэ, Алыхь Iэмыркlэ, ятIэр абы зэхищIэн щIи-дзащ, языныкъуэхэр псы Iэфlкlэ, языныкъуэхэр псы щыугъэзэри, жриIащ: «Уа, щIы! Уэ цIыхубз къыпхэсщIыкIынущ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Сэ Си жыIэм щIэтынущ, языныкъуэхэр щхьэрыуэнущ. Си жыIэм щIэтхэр жэнэт Iыхьлы хъунухэщ. ЩхьэрыуэхэрэкIэ зыжьэнмэ мафIэм исынухэщ».

Иужькъэ Абыхьым Джэбрэилрэ мелыIыч лъапIэм унафэ хуищIащ щIым щыщ Алыхьым хуихьыну. ЩIыр мелыIычым къеIуащ: «Сэри Алыхьым и цIэкIэ сынолъэIу, Тхьэм и жыIэр тIу сумыгъэщIну».

ЩIым щыщ Iыхьэ иIыгъуу Хьэзрэил Алыхьым и пащхьэ иуваш. Абы зэхуихьэсат щIы быди, щаби, фIыцIи, плъыжьи. Ахэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщицтат. ИужькIэ, Алыхь Iэмыркlэ, ятIэр абы зэхищIэн щIи-дзащ, языныкъуэхэр псы Iэфlкlэ, языныкъуэхэр псы щыугъэзэри, жриIащ: «Уа, щIы! Уэ цIыхубз къыпхэсщIыкIынущ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Сэ Си жыIэм щIэтынущ, языныкъуэхэр щхьэрыуэнущ. Си жыIэм щIэтхэр жэнэт Iыхьлы хъунухэщ. ЩхьэрыуэхэрэкIэ зыжьэнмэ мафIэм исынухэщ».

Иужькъэ Абыхьым Джэбрэилрэ мелыIыч лъапIэм унафэ хуищIащ щIым щыщ Алыхьым хуихьыну. ЩIыр мелыIычым къеIуащ: «Сэри Алыхьым и цIэкIэ сынолъэIу, Тхьэм и жыIэр тIу сумыгъэщIну».

ЩIым щыщ Iыхьэ иIыгъуу Хьэзрэил Алыхьым и пащхьэ иуваш. Абы зэхуихьэсат щIы быди, щаби, фIыцIи, плъыжьи. Ахэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщицтат. ИужькIэ, Алыхь Iэмыркlэ, ятIэр абы зэхищIэн щIи-дзащ, языныкъуэхэр псы Iэфlкlэ, языныкъуэхэр псы щыугъэзэри, жриIащ: «Уа, щIы! Уэ цIыхубз къыпхэсщIыкIынущ. Абыхэм ящыщ языныкъуэхэр Сэ Си жыIэм щIэтынущ, языныкъуэхэр щхьэрыуэнущ. Си жыIэм щIэтхэр жэнэт Iыхьлы хъунухэщ. ЩхьэрыуэхэрэкIэ зыжьэнмэ мафIэм исынухэщ».

Мис апхуэдэщ Iиблис Iэдэм епэгэкIри, джаур хъуащ.

Iэдэм псэ зэрыхилъхьар

Алыхьым Iэмыр ищIащ псэр Iэдэм хьыхьну. ЯпэщIыкIэ псэр щхьэ куцIым хьыхьащ, Алыхь Iэмыркlэ псэр Iэдэм и щхьэ куцIым илъэс 1000-кIэ хэта нэужь, и нэхэм кIуащ, иужькIэ - и тхьэкIумэхэм. Псэр тхьэкIумэхэм щыхьыхьам, Iэдэм зэхихащ «Субхьанэллахь» псалъэр. Псэр Iэдэм и пэм щынэсым, лIыкIуэр къепсри, жиIащ: «АлъхьэмдулиллахьI» псалъэр. Алыхьым жэуапу къритащ: «Алыхьым гущIэгъу къыпхуищI, Iэдэм». Псэр бгъэгум щынэсам, Iэдэм къэтэджыну хуеят, арщхьэкIэ, хуэфIэкIакъым. Псэр шхалъэм щынэсам, Iэдэм къэмэжэлIат. Мис апхуэдэурэ, къупщхьэр, фэр, лыр, лъыр, лъынтхуэхэр хилъхьэри, Iэдэм псэ къыIуигъэкIащ.

ЩIышылэ (январь)

● Фи лъэIукIэ

мазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжь нэмэзыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	06.09	07.39	12.19	14.31	16.40	18.20
2, щэбэт	06.10	07.39	12.20	14.32	16.41	18.21
3, тхьэмахуэ	06.10	07.39	12.20	14.32	16.42	18.22
4, блыщхьэ	06.10	07.39	12.21	14.33	16.43	18.22
5, гъубж	06.10	07.39	12.21	14.34	16.44	18.23
6, бэрэжьей	06.10	07.39	12.22	14.35	16.45	18.24
7, махуэку	06.10	07.39	12.22	14.36	16.46	18.25
8, мэрем	06.10	07.39	12.22	14.37	16.47	18.26
9, щэбэт	06.10	07.39	12.23	14.38	16.48	18.27
10, тхьэмахуэ	06.10	07.39	12.23	14.39	16.49	18.28
11, блыщхьэ	06.09	07.38	12.24	14.40	16.50	18.29
12, гъубж	06.09	07.38	12.24	14.41	16.52	18.30
13, бэрэжьей	06.09	07.38	12.24	14.42	16.53	18.31
14, махуэку	06.09	07.37	12.25	14.43	16.54	18.32
15, мэрем	06.08	07.37	12.25	14.44	16.55	18.33
16, щэбэт	06.08	07.36	12.26	14.45	16.56	18.34
17, тхьэмахуэ	06.08	07.36	12.26	14.46	16.57	18.35
18, блыщхьэ	06.07	07.35	12.26	14.47	16.59	18.36
19, гъубж	06.07	07.35	12.27	14.48	17.00	18.37
20, бэрэжьей	06.06	07.34	12.27	14.49	17.01	18.38
21, махуэку	06.06	07.33	12.27	14.50	17.02	18.39
22, мэрем	06.05	07.33	12.27	14.52	17.04	18.41
23, щэбэт	06.05	07.32	12.28	14.53	17.05	18.42
24, тхьэмахуэ	06.04	07.31	12.28	14.54	17.06	18.43
25, блыщхьэ	06.03	07.30	12.28	14.55	17.08	18.44
26, гъубж	06.03	07.29	12.28	14.56	17.09	18.45
27, бэрэжьей	06.02	07.28	12.29	14.57	17.10	18.46
28, махуэку	06.01	07.28	12.29	14.58	17.12	18.47
29, мэрем	06.01	07.28	12.29	14.59	17.12	18.48
30, щэбэт	05.59	07.26	12.29	15.01	17.14	18.50
31 тхьэмахуэ	05.59	07.25	12.29	15.02	17.15	18.51

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Я къару емыблэжу цIыхубэм яхуэлэжьахэр

● Дигу нхунукъым

2020 гъэ едгъэжьэжыр дунейм и тхыдэм къыхэнэнущ къэрал псоми я дежкIэ нэхъ гугъу дыдэу щытахэм ящыщ зыIуэ. Тхьэм и шыкуркIэ, куэдрэ къэхуркъым зэрыдунейуэ зы Iуэху гуэрым эддигъэгулэзу, ауэ ЩIы хъурейм и КъуэкIыпIэми Къухьэпэ, Ипщэми Ищхьэрэми хыхьэ хэкухэр апхуэдэ гуэзвагъуэ хэтащ икI ильэсым. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зиубгъури, цIыхущхьэкIэ хэщIныгъэшхуэхэр къахуихьащ лъэпкъ псоми.

Ди республикэм и цIыхуэм ящыщуми мы гъэм нэхъыбэ дунейм щIехьажьмэ и щхьэусыгъуэхэм ари яхэтщ. Дигу хэзыгъэцIа хъыбар мымащIэ зэхэтхащ - хэти куэдрэ сымэджауэ дунейм ехьажащ, хэти зэуэзэпсэт жыхуаIэм хуэдэу тхэкIыжащ. Псо дыдэми я гугъу тхузмыщIми, дыхуейт я къару емыблэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэралым яхуэлэжьа цIыху зыбжанэм мыбдежьым я цIэ къыщитIуэну, бзэм фIыкIэ ягу къызэринар къыхэдгъэщу.

Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр Щхьэлыкъуэ къуажэм 1940 гъэм мэлыжьыкIым и 7-м къыщалъхуащ.

Ильэс 15-кIэ ар пэрытащ «Ленин гъэзгу» («Адыгэ псалъэ») газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъум, ильэс 30-м щIигъукIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ. Ди республикэм и мызакъуэу, адыгэ щыпсэу щIыналъэхэми щыщIэрыIуэ тхакIуэ Iэзэт ар - абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ тIощIым нэблагъэ.

И лжэныгъэфIым папщIэ Мэзыхьэ Борис къэрал гулъыти мызэ-мытIэу игъэзащ - ар Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лжэкIыуэт, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналистт.

Фырэ Руслан Борис и къуэр Зэрэгъыж къуажэм 1951 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м къыщалъхуащ.

Актёру лжэхэм щIэзыдза Фырэм иужькIэ къулыкъу зыбжанэ зэблихьащ - ар режиссёру, къэрал, жылагъуэ лжэкIыуэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщIу щытащ, 1991 - 2014 гъэхэм лжэкащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщагъуэ, Парламентым и комитетым и унафэщIу, курортхэмрэ туризмэмкIэ, щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ министру, Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэу.

Фырэм къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м, КъБР-м, Абхъаз АССР-м гуэзазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лжэкIыуэ цIэ лъапIэхэр.

Чэт Юрий Махъсидэ и къуэр ЩIытхьэлэ къуажэм 1951 гъэм щIышылэм и 27-м къыщалъхуащ. Ар республикэм пщIэ щызIэхэзэм ящыщ, юридическэ щIэныгъэхэм я докторт.

Чэтыр къэрал къулыкъу лъагэхэм пэрытащ - КъБР-м и прокурору, республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщIу, ШынагъэншагъэмкIэ советым и секретару, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэ судым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

И зэфIэкIэхэм папщIэ ар хуэфащэ дыдэу къэралым игъэлъэпIащ - УФ-м и Президентым и ФIыщIэ тхылъ къратащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къыфIащащ.



Вэрокъуэ Владимир Хьалид и къуэр Налшык къалэм 1936 гъэм щIышылэм и 2-м къыщалъхуащ.

Режиссёр, тхакIуэ, журналист Iэзэ Вэрокъуэм и зэфIэкIэр лъэныкъуэ куэдкIэ щыгъэлъэгъуащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ 20, трихад документальнэ, художественно-публицистикэ фильми 150-м щIигъу. Ар УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретару, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Щэнхабзэмкlэ и фондым я унафэщIу лжэкащ.

Вэрокъуэ В. Хь. къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, УФ-м и Президентым и ЩIыхь тхылъыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, къыфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание республикэхэм гуэзазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр.

ХьэхъупащIэ Сулеймэн Iэуес и къуэр ильэс 45-кIэ хьэлэту яхуэлэжьащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм, цIыхухэм.

Ильэс 17-кIэ ар щытащ Республикэ клиникэ сымаджэщым лъэнтгхуэзэм ехьэлIа хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIу, 2014 гъэм щегъэжьауэ абы и унафэм щIэтащ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Диагностикэ центр» Iуэхущапlэм и хирургие къудамэр.

Ар квалификацэ нэхъ лъагэ дыдэ зиIэ дохутыр-хирургт. Абы и нэIэ щIэту дохутыр-хирургт куэд Iэзэ хуэхъуащ я Iэщlагъэм. И иужьрей махуэхэм нэсыху ар и Iэнатlэ пэрытащ, и дэIэпкъуэгъуэ хуэныкъуэ сымаджэхэм узыр ящхьащихыу. И лжэныгъэфIым къыпэкIуэу абы къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэм ящыщт КъБР-мрэ Ингуш Республикэмрэ щIыхь зиIэ я дохутыр цIэ лъапIэхэр.



Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр Зеикъуэ къуажэм 1947 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къыщалъхуащ.

ЩIэныгъэлI-тхыдэдж, этнолог къыззырымыкIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым археологиемрэ тхыдэ жыжьэмкIэ и къудамэм и унафэщIу лжэха Барэсбий и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лъапIэ 200-м щIигъу, абыхъ монографиеу 14 ихэту. А лжэныгъэхэр бзэ куэдкIэ зэдзэкIауэ къыдэкIащ.

Ар КъБКъУ-м педагогикэмрэ психологиемкIэ и кафедрэм и ассистент, егъэджакIуэ нэхъыжьу щытащ, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщIу лжэкащ. Барэсбий къэралми хамэ щIыналъэхэми я щIэныгъэлIхэм фIыуэ къыщащIыхурт. Ар УФ-м Гражданскэ гъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Кавказ Ищхьэрэм ираущIкI къэхутэныгъэхэмкIэ и Зэзыгъэлу советым хэтащ, «Кавказ Ищхьэрэм и археологиемрэ этнологиемрэ» щIэныгъэ журналым, «ПIэщIыгъуэбз зэныбжьэгъугъэм и тхыдэр» монографием я редактор нэхъыщхьэу щытащ. Илъэс зыбжанэкIэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий РФФИ-м и эксперт советым, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ ягъэхьащIэу доктор дисертацэхэр щыпхагъэкI советым хэтащ.



Тау Хьэзешэ Талий и къуэр Къамылыкъуэ къуажэм 1936 гъэм щIышылэм и 26-м къыщалъхуащ. Ар щыIэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Абы щыIэху Таум и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэбзэм епха лжэныгъи 100-м щIигъу.

Иужькlэ КъБКъУ-м ирагъэблагъэри, жэуаплныгъэ зыпылъ Iэнатlэхэр абы щызэхихьащ: щIэзыщIэтыхьэ комиссэм и унафэщIу, хамэ къэрал къикIа студентхэм я декану, еджапIэ нэхъыщхьэм филологиемкIэ и къудамэм и къызэрэпэщакIуэу щытащ.

Хьэзешэ ильэс 20-м щIигъукIэ зэрихьащ проректор къулыкъур, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и кафедрэм и тхьэмадэуи щытащ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лжэкIуэ Таум хэлъхьэныгъэшхуэ хуищащ щIэблэр егъэджэнми, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм Хэкум зыкъызэрыпащIэфын Iэмалхэм зегъэубгъуеми. Ар фIыуэ къыщащIыхурт Иорданием, Сириием, Тыркуем.



Бэчыжь Лейлэ Iэбубэчыр и пхъур КъШР-м щыщ Хьэбзэ районым хыхьэ Псэукlэ Дахэ къуажэм 1929 гъэм накъыгъэм и 29-м къыщалъхуащ. Ар адыгэ лъэпкъым и япэ бзаджэхъуэ щIэныгъэ еджагъэшхуэт, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессорт, ЩIДАА-м и вице-президентт, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лжэкIуэт.

Адыгэ зэрыс щIыналъэщми нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэми фIыуэ къацIыхурт ар.

Адыгэ литературэм и тхыдэр куууэ зыджа, критик цIэрыIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтым и лауреат бзылъхугъэм къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэ куэд дыдэ. Абыхъэм ящыщщ «Лъэпкъым я Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Хэкум и пащхьэ щIиэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и медалым и етIуанэ нагъыщэр.

Иуанкъуэ Нурбий Рашид и къуэр Адыгэ Республикэм щыщ Кунчыкъухьэлэ къуажэм 1927 гъэм къыщалъхуащ.

1943 гъэм, и ныбжькIэ къыгтемыхуэ пэтми, Иуанкъуэр Хэку заузшхуэм дэкIри, ар иуха нэужьи дзэм къулыкъу щищащ.

Нурбий ящыщу 1958 гъэм КъБКъУ-м япэу къыщIигъэкIакъэм. Мэзкуу аспирантурэ къыщиухэ нэужь, Иуанкъуэм и диссертацэр пхигъэкIри, филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къысфIащауэ щытащ. 1962 гъэм щегъэжьауэ зигъэпсэхуну тIысыжьыу Иуанкъуэ Нурбий КъБКъУ-м и егъэджакIуэу, доценту щытащ.

Къамбий Мухьэб Алим и къуэр Каменномост (Къармэхьэлэ) къуажэм 1923 гъэм накъыгъэм и 23-м къыщалъхуащ.

Хэку заузшхуэм и пэщIэдзэм ар Дзэ Пльыжьым ираджащ икIи 1946 гъэ пщIондэ абы къулыкъу щищащ. 1958 гъэм Мухьэб Алим и къуэр Къармэхьэлэ дэт курыт еджапIэ №1-м и унафэщIу ягъэуващ икIи а IэнатIэм ильэс 30-кIэ пэрытащ. Къамбийр республикэм и жылагъуэ гъащIэмэ жыджэру хэтащ.

КъытщIэхъуэ щIэблэр егъэджэным, гъэсэным Мухьэб хуищIа хэлъхьэныгъэхэм къэралым гулъытэщхуэ щигъэтащ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1968 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа Указымкlэ абы къыфIащащ Социалист Лжэныгъэм и ЛIыхъужь цIэр. Абы къыхуагъэфэщащ Ленин орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щIиэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, медаль зэмылIэужьыгъуэхэр.

Гуртуев Эльдар Берт и къуэр Белая Речкэ къуажэм 1935 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къыщалъхуащ.

1959 гъэм къыщыщIэдзауэ 1968 гъэ пщIондэ Гуртуевыр республикэм и тхылъ тедзапIэм щылэжащ. 1968 - 1982 гъэхэм республикэ радиом и редактор нэхъыщхьэу щытащ, 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ ильэс 13-кIэ ар «Нюр» сабий журналым и унафэщIу лжэкащ.

Гуртуев Э. Б. прозаик Iэзэт. Абы и къалэмпсым къыщIэкIаxэр къытехуащ къэралым и газетхэм, журналхэм, тхыгъэхэр урысыбзэкIэ, инджылзыбзэкIэ, испаныбзэкIэ, словакыбзэкIэ, тыркубзэкIэ зэрадзэкIащ.

ТхакIуэ, журналист цIэрыIуэр УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лжэкIуэт, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэт.

Жылокъуэ Мухьэмэдин Зырамыку и къуэр Аушыджэр къуажэм 1938 гъэм дыгъэгъаззэм и 31-м къыщалъхуащ.

Мухьэмэдин къиуахащ Гнесинкэ я цIэр зэриихьэу Мэзкуу дэт институтым музыкэ комедиемкIэ и факультетыр. Хэкум къигъэззэжа нэужь, уэрджыIалIэу Iэзэр Музыкэ театрым ильэс тIощIкI щыIэжьащ, роль зэхъыщхьэу куэд игъэззэщащ, ар зыхэмыта спектакль щIагъуи а театрым щагъэуцуакIым.

1974 гъэм Жылокъуэм «КъБАССР-м и щыIэ зиIэ и артист», 1981 гъэм «КъБАССР-м и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэхэр фIыуэ къыфIащащ.

Губэщыкl Владимир Исмэхьил и къуэр Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1933 гъэм и дыгъэгъаззэм къыщалъхуащ.

КъБР-м и МВД-м и Следственнэ Iуэхущапlэм, иужькlэ МВД-м и штабым я япэ ящIэщу щыта, КъБР-м юстицэмкIэ и министру лжэха, СССР-м и Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI къулыкъур илъэс 20-м щигъукIэ зезыIэщIэлъа, абы и директорхэм я советым хэта, Дунейпсо Адыгэ Хасэм Репатриацэмкlэ и комитетым и тхьэмадэу щыта, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, Iэщlагъэлl щыпкъэ Губэщыкlыр хэкупсэ нэсу дунейм тетащ.

IэщlагъэлI гъэззэджэр «АСКРЕДИТ»-м (КъБР) и къызэрэпэщакIуэхэм я советым и тхьэмадэуи щытащ, ди щIыналъэм и зыужьныгъэм хуэщхьэпэн лжэныгъэшхуэ зэфIэзэгъэкIэхэм хабжэ.

Апхуэдэ лжэныгъэшхуэр гулъытэншэ хъуакъым. Губэщыкl Владимир къыхуагъэфэщащ ди щIыналъэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр. Владимир иIэт республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъри. Ар РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я юристт.

Мэшыкъуэ Феня Сэрал и пхъу Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм 1947 гъэм фокIадэм и 18-м къыщалъхуащ.

Москва къалэм Щукиным и цIэр зэриихьу дэт театральнэ еджапIэ нэхъыщхьэр 1975 гъэм къиухри, актрисэм къигъэзэжащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым икIи абы и гуп зэкъуэтым занщIэу хэзэгъащ. Абы къыщыщIэдзауэ Феня и гъащIэр къыгуэхпIэ имыIэу пыщIауэ щытащ лъэпкъ театрым.

Мэшыкъуэ Феня и творчествэр лъэныкъуэ куэду зэтепщIыкIырт - ар актрисэ зэчиифIэу зэрыщытым, утыкум дахэу зэриты къыдэкIуэу, егъэджакIуэ Iэзэт - Кавказ Ищхьэрэм зэрызджэхэмкIэ и къэрал институтым и доцентт, актёр Iэзэгъымрэ бзэмкIэ егъэджакIуэт.

И лжэныгъэфIым папщIэ Феня мызэ-мытIэу зэрыщэжащ - абы хуэфащэ дыдэу къыфIащащ «КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артисткъ» цIэ лъапIэр, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр къратащ.

Къардэн Мухьэмэд Мучэзир и къуэр Зеикъуэ къуажэм 1954 гъэм гъатхэпэм и 28-м къыщалъхуащ.

Къардэн Мухьэмэд лэжьэн щыщIидзар комсомолым епха IэнатIэщ - ВЛКСМ-м Налшык къалэм щIиэ Ленинскэ райкомым и инструктору, лекцэхэм къеджэу, ВЛКСМ-м и обкомым и лектор гупым я унафэщIу щытащ. 1984 гъэм и жэпуэгъуэ маэзм ВЛСКМ-м и обкомым и унафэщIхэм я чэнджэщкIэ ар «Советская молодёжь» газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ икIи а къулыкъум ильэс 36-м нэблагъэкIэ пэрытащ.

Къардэным КъБР-мрэ УФ-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лжэкIуэ цIэ лъапIэхэр, ВЛКСМ-м и ЦК-м, УФ-м и Профсоюз щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэм я щIыхь тхылъхэр, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм «Iэщlагъэм ирилажьэхэм я пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» и щIыхь тхылъымрэ дамыгъэ лъапIэмрэ къыхуагъэфэщат.

Къармэ Махмудин Тумкъей и къуэр Узбекистаным 1950 гъэм накъыгъэм и 8-м къыщалъхуащ.

Шахматист Iэзэ, КъБР-м Шахматэмрэ шашкэхэмкIэ и федерацэм щIыхь зиIэ и президент, урысейпсо категорие зиIэ хеящIэ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ гъэсакIуэ, республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр.

Ар цIыху гуапэу, лжэкIыуэшхуэу щытащ, шахмат зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр екIуу къызэригъэпэщыфырт, зи Iэщlагъэм фIыуэ хэзэщIыкI судьят, гъэсакIуэ, унэтIакIуэ къызэрымыкIуэт. Къармэм пщIэшхуэ къыщыхуащIырт Урысейм Шахматхэмкlэ и федерацэмри.

Абазэ (Алъхъэс) Ибрэхьим Тырку Республикэм щыщ Хьэжмуратлы къуажэм 1947 гъэм къыщалъхуащ. Ильэс 15-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, ар Налшык къэлэпхъуэжауэ щыпсэурт, Хэкужьым гу щихуэжьным хуэнэхъуеиншэу.

Лъэпкъым и тхыдэр джыжьным къаруушхуэ тригъэкIуадэу елэжьащ Ибрэхьим. Тыркур псэупIэ зыхуэхьуа адыгэхэм я къекIуэкIыкIам теухуа тхылъ зыбжанэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ Абазэм. Абыхъэм ящыщщ «Хамэщым ди натIэ щыхъуар» зыфIищар.

Урыс-Кавказ заузм хэтахэм, зи псэ зытахэм, хамэщым къыщыхутэу абы щыIэжьахэмрэ я фэм дэкIарц, яшэча, нобэми яшэч бэлыхьырц Абазэм псэхуПIэ къезымыту зытетхьыхьар.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Алтъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмышщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыкIэгъэзащ и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыта газет.
357600, Ставрополь край, Есэнтыгуу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **ЩхьэщэмышI Иэз** *(2, 3-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIаш* **Дот Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.000 ● Заказ №2807

Псори я пIэм йозэгъэж

● Футбол

2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэр ухуащ. Абы и иужь дыдэ джэгуГъуэращ гуп псори я пIэм изыгъэзэгъэжар.

ПАСЭУ дыщэ медалхэр зыIэрызыгъэхьа Прохладнэ и «Энергетик»-м къыкIэлъыкIуэнухэр хуэгъэфащэгъуейтэкъым. ЕтIуанэ увыпIэр иубыдын папщIэ Псынэдзэхэ и «Родник»-р «Шэрджэсым» ефIэкIын е «Тэрчыр» чемпионыщIэм пэмыльэщын хуейуэ арат. ТIури къхъуащ. «Родник»-м очкоищ зыIэригъэхьащ, джылахъстэнейхэм «Энергетик»-р хагъащIэфакъым. Арати, дыжьын медалхэр зэпыщIа дзэхэсхэм яIэрыхьащ, «Тэрчым» домбеякIыр лъысащ.

КIэух джэгуГъуэм щызэхкIащ Къэрэгъэш и «Иналым» дзщIыгъуу гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнымрэ абы къэхъуащэ папщIэ зэпэщIэуэ зэIуащIэхэм хэтыну командитIымрэ. Ныкъыкъуэхэм ящыщу «Къундетейр», «ЛогоВАЗ»-м, «Исльэмейр», «Шэджэм-2»-р, иужь зэIуащIэм текIуэныгъэхэр къыщахьри, къелащ. Ар зыхуэзфIэмыкIа «Къундетейр» къекIуэтэхащ.

Абы щыгъуэми, «ЛогоВАЗ»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ я гугъуехьхэр иджыри яухакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыфIхэм къахэнэн папщIэ ахэр яIущIэнущ япэ гупым ещанэ-еплIанэ увыпIэхэр къыщызыхьахэм. ТекIуэныгъэр зыIэрагъэхьэмэщ я Iуэхур щытэмэмынур, армырамэ къраГъэлъэхьэшхынущ.

Гъэущхьауэхэм я зэпеуэми дыяыпэмыхIыа къыщыхъуэкъым. ФIэщщыгъуэгъуейт мы гъэм и кIыхьагъэм бжьыпэр зыIыгъа Прохладнэ и «Энергетик»-м и пашэ Иуан Азрэт ар иужь джэгуГъуэм зыгуэрым Iэригъэхьэну. Я хьэрхуэрэгуэхэм яхудигъэкIа топхэм я бжьыгъэр пIыщIым нигъэри, гъуащхьауэ нэхъыфIым и саугъэтыр абы чемпионым гъэм и дыщэ медалым дыщIигъужащ.

ЩIыгъуаэз фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым 2020 гъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и кIэух джэгуГъуэм ирикIуа бжьыгъэхэр: **«�логоВАЗ»** (Бабугент) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:0**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **3:0**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **«Урыху»** (Урыху) - **4:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **4:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **2:2**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Малка»** (Малкэ) - **4:2**, **«ЩэрджэсI»** (Шэрджэм) - **«Родник»** (Псынэдзэ) - **0:3**, **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:4**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Энергетик»	30	25	3	2	131-35	78
2.	«Родник»	30	21	5	4	108-46	68
3.	«Тэрч»	30	20	5	5	72-32	65
4.	«Налшык»	30	19	2	9	76-42	59
5.	«Спартак-Д»	30	17	6	7	95-39	57
6.	«ХьэтIохъущыкъуей»	30	16	6	8	74-60	54
7.	«Малка»	30	13	5	12	87-85	44
8.	«Бахъсэн»	30	12	5	13	68-67	41
9.	«Урыху»	30	10	2	18	68-101	32
10.	«Исльэмей»	30	9	4	17	60-76	31
11.	«Шэрджэс»	30	9	3	18	72-107	30
12.	«Нарт»	30	9	3	18	58-89	30
13.	«ЛогоВАЗ»	30	7	8	15	61-95	29
14.	«Шэджэм-2»	30	8	4	18	56-89	28
15.	«Къундетей»	30	7	4	19	56-96	25
16.	«Инал»	30	4	4	22	60-143	16

«Дахэнагъуэ» пьесэр ягъэлъагъуэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуащ адыгэ драматург цIэрыIуэ Акъсыпэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. Ар игъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм гъэзджэжьэкIа щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, режиссёр Шэрджэс Мухьэмэд.

АДЫГЭ лъэпкъ театрым и классик хъуа драматург Акъсыпэ Залымхъан и пьесэр зрэзыувыпIэ къехъулIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр етIанэгъэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыкIкI тестым къратащ грантым и фIыгъэкIэ.

«Дахэнагъуэ» спектаклым и художник-постановщикыр КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Художественэхэмкlэ Урысей Академием хэт **ململ Руслан**. Артистхэм я фэмIыхьэгъуэхэр зи Iэрыкlыр дэрбзэр цIэрыIуэ **ХьэцIыкlу Мадинэщ**.

ФIымрэ Iеймрэ я зэпэщIэтыныгъэм теухуауэ Акъсыпэм 1942 гъэм итха пьесэр нобэрей зэманми зэрыпэджэжыр ди нэгу щIокI. Премьерэм цIыхуэхуэ щызэхуэсами, эпидемием и хабзэхэр къызэпамыуду ар ирагъэкIыкIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Iуэхухэр къызэгъэпэщныгъэ, мыльку я лъэныкъуэкIэ зэтеуцхуауэ щытыныкIэ и управленэм и чэнджэщагъу **Отаровэ ФатIимэ Магомед и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Отаровэ (Атакуевэ) Зое Исса и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Жылагъуэ советым хэта **Щоджэн Роберт Исуф и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехьажам къыхэкIыу.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр **Бицухэ Георгий, Вадим, Маринэ сымэ** ях